ku woor benn bis ci yoonu Yàlla, Yàlla soreele jëmmam ca sawara juróom-ñaar-fukki Nawet

Jële nañu ci Abuu Sahiid Al-Xudrii yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: dégg naa Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc muy wax ne: «ku woor benn bis ci yoonu Yàlla, Yàlla soreele jëmmam ca sawara juróom-ñaar-fukki Nawet».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day leeral ne ku woor benn bis ci jihaad, nee nañu it ci jihaad ak lu dul moom di aji-sellal ñeel Yàlla ngir sàkku ci Yàlla yool ak fay; kon Yàlla dana soreele digganteem ak sawara juróom-ñaar-fukki at.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/4436